

Sipòte timoun yo apre depòtasyon oswa detansyon yon paran

Depòtasyon yon paran ka yon evènman ki bay anpil estrès ak anpil laperèz pou yon timoun, kèlkeswa laj li. Timoun yo ka montre pwoblèm sante mantal ak nan konpòtman pandan y ap eseye konprann separasyon an epi adapte yo ak chanjman ki rive nan lavi yo. Se pwofesyonèl sante mantal pou timoun ki prepare dokiman sa a epi li dekri fason pou soutni bon devlopman ak rezistans timoun yo nan sityasyon difisil sa a. Li fèt pou moun prensipal k ap pran swen timoun, ansanm ak lòt granmoun ki bay sipò, tankou pwofesè ak vwazen. Epitou, ou kapab itilize [dokiman sa a](#) kòm referans.

Ede timoun nan santi l an sekirite

- Timoun yo santi yo plis an sekirite lè granmoun ki bò kote yo kapab byen kontwòle pwòp emosyon pa yo. Asire w ou pran bon swen tèt ou pandan peryòd tranzisyon sa a lè w konte sou rezo sipò w, lè w pale ak lòt granmoun pou trete santiman ou yo, epi lè w itilize kapasite w genyen pou ou fè fas ak pwoblèm. Konsa, w ap gen plis chans pou ou rete kalm lè w ap pale ak timoun nan.
- Depòtasyon yon paran ka fè yon timoun santi mond lan pa an sekirite epi li pa gen jantiyès. Youn nan bagay ki pi enpòtan ou ka fè pou yon timoun nan sityasyon sa a se ede l kwè bezwen debaz li yo ap satisfè. Si li te deplase al abite nan yon nouvo kay, asire w li konnen ki kote li pral dòmi, kijan pou li jwenn yon goblè dlo, ak ki kote li ka jwenn ti goute.
- Timoun yo ka gen gwo enkyetid sou pwòp sekirite yo ak sekirite fanmi yo. Montre l tout bagay ou fè pou ou kenbe l an sekirite epi an sante, tankou mete senti sekirite epi bwose dan l. Timoun ki pi gran yo ak adolesan yo ka apresye sa a pou yo konnen sa kominote yo ap fè pou yo reziste depòtasyon epi aprann [sa yo menm yo ka fè pou yo rete an sekirite](#).

Ede timoun nan konekte ak moun li konnen epi ki pa danjere, tankou pwofesè, fanmi, ak pastè.

- Eseye kenbe menm woutin timoun nan te genyen anvan yo te depòte paran an. Pa egzanp, lè repa nan menm lè a ede timoun nan konnen li pa bezwen enkyete sou si l ap gen ase manje. Lè li al dòmi nan menm lè a, sa a ede sèvo l geri anba estrès.



Koute timoun nan

- Lè w pale ak yon timoun sou depòtasyon paran l, premyèman ou dwe detann kò w ak vwa w. Si yon timoun wè ou ka jere pwòp santiman ou yo, li konnen ou ka jere santiman pa li yo tou.
- Li enpòtan pou ou kòmanse konvèsasyon yo lè w chèche konnen sa timoun nan deja konprann ak sa li kwè sou depòtasyon. Metòd sa a pèmèt timoun nan gide konvèsasyon an, ede w pale avèk li selon nivo devlopman l, epi sa evite w prezante nouvo laperèz. Pafwa, timoun yo tande kèk bagay ki pa laverite, epi ou ka bezwen korije sa yo kwè a.

- Youn nan fason prensipal timoun yo pataje panse ak santiman yo se nan jwèt. Lè ou pote atansyon ak fason yon timoun ap jwe, ou aprann sou kisa l ap reflechi konsènan mond lan, epi ou montre li tou ou sousye de panse ak santiman li yo. Gen kèk sijè komen timoun yo ka jwe sou yo apre depòtasyon yon paran, tankou arestasyon, prizon, pinisyon, separasyon fanmi, ak fanmi ki jwenn youn lòt ankò.
- Pandan timoun nan ap jwe, bay li tout atansyon w epi dekri sa ou wè l ap fè (“O, manman lous la ap chèche tibebe lous li a!”). Ou pa bezwen poze kesyon ni esplike timoun nan bagay yo pandan l ap jwe; ou ede l plis lè w senpleman pote atansyon, koute, epi aksepte panse li yo pa mwayen jwèt la.
- Anpil timoun kenbe santiman difisil yo an silans jiskaske yon granmoun ba yo pèmision pou yo pale de yo. Menm si timoun nan sanble anfòm, eseye ede li idantifye epi nonmen pwòp santiman li yo. Mete aksan sou reyalyte tout santiman yo nòmal epi yo pa yon pwoblèm. Ou ka di bagay tankou:

“Mwen swete manman w te la pou li te wè resitasyon w lan jodi a. M ap mande tèt mwen si w pa t ap panse ak li.”

“Lè moun wè yo arete yon paran, yo ka santi yo pè epi fache. Ou ka pataje santiman sa yo avèk mwen, menm si li difisil pou ou pale de yo. Mwen toujou vle tande sa k ap pase nan tèt ou.”



Fason pou ede timoun yo konprann depòtasyon


- Li ka difisil pou ou dekri depòtasyon bay yon timoun, men li toujou enpòtan pou ede l konprann sa ki te pase a. Lè w onèt avèk timoun yo nan yon fason ki adapte ak laj yo, sa ka ede ranfòse konfyans yo genyen nan granmoun ki bò kote yo. Sa ki pi enpòtan toujou, timoun yo bezwen konnen fanmi pwòch yo pa t vle kite yo dèyè.
- Li enpòtan pou timoun yo konprann paran yo ap fè tout sa yo kapab pou yo bon moun. Lè w ap pale ak timoun yo sou depòtasyon, eseye pa dekri paran an tankou yon “kriminèl.” Olye de sa, itilize yon langaj tankou sa a:

“Pou moun ka deplase vini Ozetazini, yo bezwen papye pèmision. Sa pran anpil tan pou jwenn papye sa yo, epi gen anpil moun ki kontinye ap tann yo pandan plizyè ane apre yo fin rantrè Ozetazini. Menm si yon moun ap tann papye li yo, sa pa fè l vin yon move moun pou sa a. Sa senpleman montre konbyen lòt moun k ap tann papye pèmision yo, tankou yon gwo liy moun k ap tann nan yon magazen. Pafwa, yon moun oblije ale viv nan yon lòt peyi pandan l ap tann papye li yo.”

- Timoun piti yo souvan panse se fòt pa yo lè move bagay rive. Fè timoun yo konnen se pa yon bagay yo te fè oswa yo pa t fè ki te lakòz depòtasyon paran yo.

“Sa kapab yon bagay ki bay anpil tristès ak anpil laperèz lè yo arete epi depòte yon paran. Se pa travay yon timoun pou li pwoteje yon paran kont sa a Pa t gen anyen ou te ka fè oswa ou te ka di ki t ap anpeche yo depòte papa w. Sa te gen rapò ak règleman granmoun yo, epi sa pa gen anyen pou wè ak timoun.”

“Se pa travay ou pou mennen papa w tounen isit la. Travay ou se pou ou yon bon gran frè, pou ou travay di lekòl, epi pou ou ede matant ou ak travay nan kay la. Granmoun yo ap fè tout sa yo kapab pou ede fanmi yo vin ansanm ankò.”



- Ou ka koute timoun nan ak anpil sipò, menm si ou pa oblije genyen tout repons pou kesyon li yo. Si yon timoun mande kilè paran an ap retounen, oswa poukisa ajan yo t ap chèche l, ou ka reponn: “Mwen pa konnen. Mwen pwomèt ou m ap di w si mwen vin konnen plis bagay.” Raple timoun nan li ka kontinye poze ou kesyon nenpòt lè li bezwen.
- Eseye pwomèt sèlman sa ou konnen ki se laverite. Olye ou pwomèt yo p ap arete lòt pwòch fanmi, pwomèt timoun nan: “*W ap toujou gen granmoun bò kote w k ap fè tout sa yo kapab pou yo pran swen w. W ap toujou tèlman renmen w, epi ou tèlman enpòtan.*”
- Chèche liv ki adapte ak laj timoun nan sou depòtasyon, epi li yo davans anvan ou pataje yo ak timoun yo. Planifye yon moman pou fè lekti lè ou ka sipòte reyaksyon emosyonèl timoun nan pandan ak apre lekti a; lè pou dòmi pa yon bon moman an pou ou fè sa a. Pandan w ap li a, suiv enstriksyon timoun nan: kite li mande w pou repete, poze kesyon, sote kèk pati, oswa li fen istwa a an premye si timoun nan bezwen konnen sa k ap pase. Ba li rekonfò epi rete toupre l fizikman pandan w ap li (anbrase l, kole sere ak li) ka ede timoun nan santi ou renmen l epi li an sekirite.



[*I Wish You Knew \(Mwen Regrèt Ou pa t Konnen\)*](#)

Jackie Azúa Kramer ekri

[*Something Happened to My Dad \(Yon Bagay te Rive Papa M\)*](#) Ann Hazzard ak Vivianne Aponte

Rivera ekri

[*Until Someone Listens \(Jiskaskè yon Moun Koute\)*](#) Estela Juarez ak Lissette Norman ekri

[*Mama's Nightingale \(Rosiyòl Manman an\)*](#) Edwidge Danticat ekri

[*Mango Moon \(Lalin Mango\)*](#) Diane De Anda ekri

Konpòtman yon timoun

- Anpil timoun montre kèk konpòtman difisil apre yo depòte yon paran, tankou yo vin agresif oswa yo gen difikilte pou yo swiv règleman yo. Ede yo idantifye santiman ki kache dèyè konpòtman yo, epi ede yo jwenn lòt fason pou yo pran swen santiman sa yo.

“Mwen wè w ap bat kouzen w lan. M ap mande tèt mwen si w pa santi w fache, tris, oswa pè kounye a. Èske ou ta renmen di m sa k ap pase nan tèt ou pandan m ap trese cheve w, oswa èske ou ta pito ale kouri jwe sou teren foutbòl la?”

- Lòt timoun ka fè bak nan konpòtman yo. Yo ka konpòte yo tankou yon timoun ki pi piti, oswa yo sanble “pèdi” kèk kapasite yo te genyen anvan, tankou itilize twalèt pou kont yo oswa kontwole enpilsyon yo. Gen kèk timoun ki vin pi pè pou yo pa separe ak moun k ap pran swen yo. Sa a se yon reyaksyon ki trè komen, epi li pa dire anpil tan. Pran pasyans ak timoun nan, epi pa fè l santi li wont paske l ap konpòte l tankou yon timoun ki pi piti. Kenbe atant ki nòmal pou laj timoun lan nan tout fason li kapab (pa egzanp, netwaye asyèt li, fè devwa li, elatriye), men rete fleksib tou. Pa egzanp, yon timoun ka bezwen pataje yon chanm ak yon granmoun pandan yon tan pou li ka santi l an sekirite lannuit.
- Sipòte fason pozitif pou li eksprime santiman difisil yo. Sa ka gen ladan jwèt, ekriti, mouvman aktif/egzèsis, atizay, ak mizik.
- Gen kèk timoun ki konpòte yo byen apre depòtasyon yon paran, men yo santi santiman difisil yo anndan yo. Fè yo konnen se nòmal pou yo pataje tristès, kòlè, ak laperèz yo.



Kenbe koneksyon an solid

- Travay avèk timoun nan pou afiche foto ak lòt rapèl ki fè sonje paran an. Si ou gen videyo oswa anrejistremman vwa paran an, pwopoz pou koute yo ansanm ak timoun nan.
- Li liv tankou [The Invisible String \(Fil Ki Pa Vizib La\)](#), [No Matter What \(Kèlkeswa Sa Ki Rive\)](#), and [The Kissing Hand \(Men Ki Bo a\)](#) ki ede timoun nan konprann yo toujou renmen l, menm lè fanmi pwòch li yo lwen.
- Ede timoun nan rete pwòch ak paran an menm si yo lwen youn lòt. Planifye apèl nan telefòn, apèl videyo, ak lèt avèk paran an si sa a posib. An menm tan, ede timoun nan santi koneksyon an nan kè l. Poze l kesyon sou paran an, ede timoun nan pataje oswa fè desen sou bon souvni li genyen avèk paran an, oswa priye pou li ansanm si sa a fè pati tradisyon timoun nan.
- Fè timoun nan sonje tout bagay paran an renmen nan timoun nan.
- Timoun piti yo souvan panse paran yo kontwòle tout bagay nan mond lan. An reyalyte, gen kèk timoun ki ka menm panse paran yo te vle ale. Yo ka bezwen asirans gen kèk bagay ki pa t anba kontwòl granmoun yo, epi se pa paran an ki te chwazi kite yo dèyè.

“Manman w renmen w anpil, epi li te tris anpil lè li te oblije ale.” “Li te fè tout sa li te kapab pou li rete isit la, epi li t ap rete la si li te kapab.”

Sipòte devlopman timoun lan nan lòt fason

- Apre timoun yo fin travèse eksperyans difisil, ou ka ede yo rete an sante epi devlope byen lè w itilize sipò senp sa yo:
 - *Ede timoun nan respekte woutin yo*
 - *Sipòte siksè ak angajman timoun nan nan lekòl*
 - *Anseye timoun nan kijan pou li jere santiman li yo*
 - *Bay timoun nan opòtinite pou li jwe epi konpòte l tankou yon timoun*
 - *Mennen timoun nan nan espas relijye ak kiltirèl li deja konnen*
 - *Devlope konpetans pou li fè zanmi*
 - *Bay timoun nan chans pou li pran responsablite ki apwopriye pou laj li (tankou fè ti travay nan kay)*
 - *Bay timoun nan pratik pou li rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi l*
 - *Pratike fikse objektif epi rive reyalyte yo*
 - *Ankouraje bon sante somèy*
 - *Ede timoun nan devlope espas kote li santi li se yon manm (tankou ak fanmi oswa zanmi)*
- Founisè sante mantal tankou terapet ak konseye lekòl ka ede timoun yo ak bezwen sa yo.
- Petèt resous ki pi enpòtan pou timoun ki te travèse yon eksperyans ki bay anpil estrès se yon moun k ap bay swen ki estab. Lè w pran swen tèt ou byen, sa a ap rann li pi fasil pou ou reponn byen ak bezwen timoun nan chak jou.



Plis pase tout bagay, li enpòtan pou ou gen anpil espwa konsènan lavni timoun nan. Repons ki pi komen apre yon chòk se rekiperasyon. An reyalyte, apre timoun yo fin travèse evènman ki difisil anpil, pifò nan yo trè byen kèk ane apresya. Timoun w ap pran swen l lan gen yon bèl avni. Kit ou patisipe nan lavi timoun sa a pandan yon ti tan oswa pandan anpil tan, sekirite, estabilite, ak lanmou ou ba li kounye a ap soutni devlopman l ak byennèt li pandan tout rès lavi l.



Hodges, H. R., Abdi, S. M., Banegas, J. M., Doyle, C. M., Lingras, K. A., & Masten, A. S. (2026). Sipòte timoun yo apre depòtasyon oswa detansyon yon paran.

Tradui pa Komite Sekou Entènasyonal la.

Imèl: hhodges@umn.edu